ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ҚАНЛЫКӨЛ РАЙОНЫ ҲӘКИМИ		ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ҚОНЛИКЎЛ ТУМАНИ ҲОКИМИ
Ш Е Ш И М И		**Қ А Р О Р И**
Қанлыкөл посёлкасы		Қонликўл шаҳарчаси

№ 266/4 **«9» - апрель 2020-жыл**

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2020-жыл 25-марттағы «Коронавирус инфекциясының тарқалыўына қарсы қосымша ис-иләжлар ҳаққында»ғы 91-санлы қарарына тийкарланып, район аймағында физикалық ҳәм юридикалық шахсларға тийисли болған автобус, микро автобус, жеңил автотранспорт кураллары ҳәмде велосипед, скутер ҳәм мототранспорт куралларының ҳәрекет етиўин ўақтынша тоқтатыў ҳаққында

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2020-жыл 25-марттағы «Коронавирус инфекциясының тарқалыўына қарсы қосымша ис-иләжлар ҳаққында»ғы 91-санлы қарарының орынлаўын тәмийинлеў ҳәм район аймағында халықтың санитария-эпидемиологиялық тынышлығын ҳәм қәўипсизлигин тәмийинлеў, коронавирус инфекциясы тарқалыўының алдын алыўда тийисли мәмлекетлик органлары ҳәмде шөлкемлердиң жумысларын муўапықластырыў, пуқаралардың өмири ҳәм ден саўлығын қорғаў максетинде, "Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында"ғы Нызамының 6, 25-статьяларына тийкар

Ш Е Ш И М Е Т Е Д И :

1. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2020-жыл 25-марттағы «Коронавирус инфекциясының тарқалыўына қарсы қосымша ис-иләжлар ҳаққында»ғы 91-санлы қарары орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. Район аймағында коронавирус инфекциясы тарқалыўының алдын алыў, пуқаралардың денсаўлығын сақлаў максетинде физикалық ҳәмде юридикалық шахсларға тийисли болған автобус, микро автобус, жүк ҳәм жеңил автотранспорт кураллары ҳәмде велосипед, скутер ҳәм мототранспорт куралларының ҳәрекет етиўи карантин дәўиринде ўақтынша тоқтатылсын.

3. Ҳәрекет етиўге рухсат етилген айырым автотранспот қураллары қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

4. Районлық Ишки ислер бөлими (Б.Булатов)не:

район аймағындағы физикалық ҳәм юридикалық шахслардың автобус, микро автобус, жүк ҳәм жеңил автотранспорт қураллары ҳәмде велосипед, скутер ҳәм мототранспорт қуралларының ҳәрекет етиўин қадағалап барыў;

карантин талапларын бузған физикалық ҳәм юридикалық шахслардың автобус, микро автобус, жүк ҳәм жеңил автотранспорт ҳәмде велосипед, скутер ҳәм мото-транспорт қуралларының жәрийма майданшасына қойылыўын;

шегаралас районларға кирип-шығыў жолларында ҳәм район орайында арнаўлы қадағалаў постларын шөлкемлестириў ҳәмде тийисли қәнийгелер ажыратылыўын тәмийинлеў тапсырылсын.

5. «Қанлыкөл хабарлары» газетасы редакциясы (М.Дәрябаев) ҳәм район ҳәкимлиги баспасөз хаткери (О.Садатдинова) усы шешимниң мазмунын пуқаралар арасында үгит-нәсиятлаў иләжларын алып барыў тапсырылсын.

6. Усы шешим районлық " Қанлыкөл хабарлары" газетасында жәрияланысын ҳәм ҳәкимликтиң рәсмий веб-сайтына жайластырылсын.

7. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң орынбасары М.Мамбетрзаевқа ҳәм районлық Ишки ислер бөлими баслығы Б.Булатовқа жүкленсин.

Ҳәким **Д.Толыбаев**

KOSHIRME DURIS